

Pou : Komite Skolè Boston
Sot nan men : Lekòl UP Academy Boston ak lekòl UP Academy Dorchester
Dat la : 11 me, 2022
Osijè : Amandman (ajisteman) nan orè lekòl UP Academy Boston ak lekòl UP Academy Dorchester

N ap mande pou yon amandman pou mete kalandriye anyèl nou an ajou, pou n chanje li sot nan yon kalandriye ki gen 185 jou skolè a youn ki gen 180 jou skolè, an amoni avèk rès lekòl Lekòl Piblik Boston yo ak divès lòt lekòl ki fè pati rezo nou an. Nou t ap pede resevwa divès kòmantè kontinyèl nan men fanmi, elèv, ak manm pèsònèl ki t ap mande pou n redui ane skolè a a 180 jou, e amandman sa a sèvi pou reponn a kòmantè sa yo. Chanjman sa a va :

- Aleje chay orè ki sou do fanmi sila yo ki gen elèv nan lòt lekòl Lekòl Piblik Boston (BPS), nan fason l va aliyen kalandriye nou an pi prè a kalandriye rès lekòl Lekòl Piblik Boston yo.
- Kreve yon ane skolè pi sipòtab pou elèv yo, fanmi yo, ak manm pèsònèl yo - patikilyèman pandan ane COVID difisil sa a.
- Leve divès defi transpòtasyon pou fanmi sila yo ki gen yon dat kòmansman ane ki pi bi bonè pase divès lòt lekòl Lekòl Piblik Boston (BPS).
- Rann Lekòl Piblik Boston kapab fè ekonomi avèk elminasyon yon semèn depans otobis anplis ki obligatwa aktyèlman pou yon ane skolè 185 jou.